

Sa Tès Plon nan San Timoun ou an Siyifi

Tès plon nan san an di w ki kantite plon ki gen nan san timoun ou an. Plon an kapab andomaje devlopman, konpòtman ak kapasite yon timoun gen pou aprann. Toutan rezilta tès la plis ba, li pi bon.

Majorite ka anpwazonman yo rive lè timoun lan niche, vale, oswa respire pousyè ki gen plon ladan li. Majorite ansyen kay yo te bati avan lane 1978 yo genyen ansyen penti ak plon, anpil fwa nouvo penti kouvri li. Si penti a dekale, fann, oswa li deteryore, kal yo ak pousyè ansyen penti ki gen plon an kapab simaye atè a, arebò fenèt yo, epi toupatou nan kay ou an. Pousyè penti plon an kapab kole nan men ak jwèt timoun lan, epi rantre nan bouch yo.

Majorite timoun yo te gen kontak ak plon nan ansyen penti yo, tè a, plonbri, oswa lòt sous. Se poutèt sa a Eta New York la egzije tout doktè pou yo fè tès plon pou tout timoun yo lè yo gen yon (1) lane epi refè li lè yo gen dezan (2) ankò. Pou timoun ki genyen jiska sis (6) lane yo, doktè oswa enfimyè ou an ta dwe mande w nan chak vizit byennèt timoun ou an sou fason timoun ou an te gen kontak ak plon. Yo ta dwe fè tès pou tout timoun yo ki gen kontak ak plon.

Rezilta yon tès 5 µg/dL oswa pi plis, yo fè ak san yo pran nan pwent yon dwèt, yo ta dwe refè tès la ankò ak san yo pran apati yon venn (souvan se nan bra yo pran li). Si dezyèm rezilta a toujou gen 5 µg/dL oswa pi plis, ou ta dwe swiv etap yo ki anba yo la.

Rezilta Tès yo an mikwogram pa desilit (µg/dL)	Pwochen Etap yo
0-4	<ul style="list-style-type: none">• Genyen yon tikras plon nan san timoun ou an.• Rezilta mwayen tès plon lakay yon jèn timoun se apeprè 1.4 mikwogram pa desilit (µg/dL).
5-14	<ul style="list-style-type: none">• Nivo plon timoun ou an wo. Yon rezilta ki egal a 5 µg/dL oswa pi plis egzije pou yo pran yon mezi.• Doktè oswa enfimyè ou an pral pale avèk ou sou rejim alimantè timoun ou an, kwasans ak devlopman li, epi kèk sous plon ki posib.• Depatman sante lokal ou an pral pale ak ou sou fason pou w pwoteje timoun ou an epi pral vizite kay ou an pou ede w detèmine sous plon yo.• Yo ta dwe teste timoun ou an ankò nan youn (1) jiska twa (3) mwa.
15-44	<ul style="list-style-type: none">• Nivo plon timoun ou an wo anpil. Oumenm avèk doktè ou an ta dwe aji byen rapid.• Doktè oswa enfimyè ou an pral pale avèk ou sou rejim alimantè timoun ou an, kwasans ak devlopman li, epi kèk sous plon ki posib.• Depatman sante lokal ou an pral pale ak ou sou fason pou w pwoteje timoun ou an epi pral vizite kay ou an pou ede w detèmine sous plon yo.• Yo ta dwe teste timoun ou an ankò nan youn (1) oswa pi bonè selon nivo plon ki gen nan san an epi konsèy doktè ou an.
45 oswa pi wo	<ul style="list-style-type: none">• Timoun ou an gen nesite yon tretman medikal menm kote a.• Doktè oswa depatman sante lokal ou an pral rele w touswit rezilta tès la disponib.• Timoun ou an ta dwe rete nan yon lopital, espesyalman si kay ou an gen plon.• Depatman sante lokal ou an pral vizite kay ou an pou ede w detèmine sous plon yo.• Timoun ou an pa ta dwe retounen nan kay la jiskaske yo pa retire oswa repare sous plon yo.• Yo dwe fè tès pou timoun ou an ankò aprè tretmant an.

Non Timoun lan: _____ Rezilta Tès lan: _____ µg/dL Dat la: _____

Si yo pa ekri rezilta tès lan la, mande doktè a oswa enfimyè ou an li, make li yon kote, epi anrejistre li nan achiv ou yo.

Pou tout rezilta tès yo, suiv konsèy siplemantè yo pou anpeche nivo plon timoun ou an ogmante.

Kijan pou w Pwoteje Timoun ou an kont Anpwazonman Plon

Repare penti plon k ap dekalè yo epi fè reparasyon nan kay la san danje.



- Fè timoun yo rete lwen penti k ap dekalè yo oswa kal penti yo.
- Anvan w fè reparasyon nan yon kay yo te bati anvan lane 1978 yo, rele ministè sante lokal ou an pou aprann fason pou w fè yon travay san danje epi redui nivo pousyè a.
- Timoun ak fanm ansent yo ta dwe rete lwen reparasyon ki deranje ansyen penti, tankou sable ak grate. Yo ta dwe rete lwen jiskaske yo netwaye zòn lan pandan y ap vide dlo epi yon vakyòm HEPA (se pa bale san vide dlo).

Lave men yo, jwèt yo, boutèy yo, fenèt yo, atè yo pou retire pousyè yo.



- Lave figi ak men timoun yo aprè yo fin jwe, avan yo manje, epi avan yo ale dòmi.
- Lave jwèt yo, nounous an fòm zannimo ki gen payèt, sousèt tetin epi bibwon yo ak savon epi dlo souvan.
- Pase mòp atè a souvan, epi itilize papye ijyenik mouye pou siye arebò fenèt yo.

Pran prekosyon pou w pa vini ak plon nan kay la nan rad, jwèt, oswa bijou yo.



- Gen plon nan kèk bijou pou timoun, jwèt, kle, epi ansyen mèb. Anrejistre pou resewa alèt rapèl sou pwodui yo nan www.cpsc.gov/cpsclist.aspx.
- Kèk djòb ak pastan kapab mete w an kontak ak plon. Yo gen ladan yo: penti, plonbri, konstriksyon, reparasyon machin, travay ak zam, vit tente oswa ki gen wouy, epi potri. Pou redui pousyè plon an, chanje rad travay ou avan w ale lakay ou; kite soulye w deyò devan pòt la; lave rad travay oswa pastan ou yo apa; lave figi w, men w yo epi tout pati nan kò w ki pa te kouvri avan w rantre lakay ou.

Mete plon an lwen manje w ak dlo tiyo a.



- Kite dlo tiyo a koule pandan yon minit avan menm ou itilize li, si li pa te koule pandan yon bon moman. Dlo ki sòti nan vil la ak dlo pwi yo kapab gen plon ladan yo apati ansyen enstalasyon ponbri yo.
- Itilize dlo tiyo ki glase sèlman pou bwè, fè manje epi prepare lèt fòmil ti bebe. Si w bouyi dlo ou an se pa sa k ap retire plon an ladan li.
- Pa manje oswa sere manje nan bagay ann eten, kristal, oswa potri ki dekalè.
- Rele ministè sante ou an, oswa vizite sit entènèt ki anba la, pou konnen ki asyèt, epis, ti bonbon, pwodui kosmetik yo, epi medikaman pou sante yo te jwenn ki gen plon ladan li.

Bay manje ki gen kalsyòm, fè, ak vitamin C.



- Manje sa yo ede pou plon an pa rete nan kò timoun ou an.
- Manje ki gen kalsyòm: lèt, fwomaj, yogout, tofu, ak legim ki vèt.
- Manje ki gen fè: pwa, vyann sèch, sereyal ki gen anpil fè, epi manba.
- Manje ki gen vitamin C: zoranj, chadèk, tomat, ak pwawwon vèt.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou plon.
www.health.ny.gov/lead

Pale avèk pwofesyonèl swen sante timoun ou an.

Kontakte ministè sante lokal ou an. Jwenn yo la nan www.health.ny.gov/environmental/lead/exposure/childhood/program_contact_map.htm